Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 12 (7413)
19 Март 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Конкурсалъул комиссия бищана



Нижеца цебеккун лъазабухъе дагъал церегIан къоязда муниципалияб гIуцIиялда букIана районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб гуреб заседние. Гьенир гIахьаллъана районалъул жавабиял гIадамал ва депутатал.

Заседание рагьана ва бачана Собраниялъул председатель М. Юсуповас. Къойил темаялде босун букIана «Муниципалияб районалъул бетIерасул № 48 бугеб «Унсоколо район» МОялъул бетIерас заманго щвелалде тIадал ишал гIодор лъеялъул», «бетIер вищиялъе конкурс лъазабиялъе бугеб хIукмо къватIибе кьеялъул» суал. М. Юсуповас гIатIидго бицана гьеб хIукмуялъул.

Хадуб депутатазул Собраниялъ хIукмо гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер вищиялъе конкурс лъазабиялъе. Гьеб букIине буго 6 апрелалда, I0 сагIат тIубараб заманалда. Рихьизарун руго конкурсалъул комиссиялъул гьал хадусел членалги: АхIмад МухIамадов – Балахьуни ДСЮШалъул директор, МухIамад МухIамадов – Генуб росдал бетIер ва ПатIимат ГIалиева – «Унсоколо район» МОялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей.

Конкурс тIобитIиялъе ругел шартIазулги бицана М. Юсуповас, бихьизабуна заседаниялда гьабураб хIукмо районалъул «Ахихъан» газеталда бахъизе ва официалияб сайталда лъезе бугин.

## ХIисаб-суалалъулазул семинар



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана учреждениял-организациязул бухгалтеразул семинар-совещание. Гьеб бачана райадминистрациялъул финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас. Совещаниялда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI-М. МухIамадов, финансовияб отделалъул бетIерай специалист ГI. МухIамадова, статистикияб отделалъул нач. С. СагIабдулаев, районалъул социалияб страхованиялъул фондалъул нач. М-ГI. СагIабдулаев, гьединго пенсиониябгун налоговияб хъулухъазул вакилзаби.

Совещаниялда бицана жиндир заманалда ва качественнияб къагIидаялъ моцIрол, кварталалъул ва лъагIалил, гьединго статистикаялъул, налогазул ва цогидалги отчетал элетроннияб къагIидаялъ кьеялъул.

## «Сообщи, где торгуют смертью!»




Уважаемые жители, в МО «Унцукульский район» проводится ежегодная Всероссийская антинаркотическая акция «Сообщи, где торгуют смертью!», сообщает ОМВД России по Унцукульскому району.

Главная цель акции «Сообщи, где торгуют смертью!» – это информирование населения по вопросам профилактики наркозависимости, лечения и реабилитации больных наркоманией, а также сокращение уровня наркопреступности и оздоровление криминогенной обстановки.

О местонахождении наркопритонов, точках сбыта наркотиков и других наркопреступлениях можно сообщить по телефону доверия – **99-60-33.**

Госдума

## Лъималазе хинаб ва пайдаяб квен

РФялъул Президент В. Путинил рахъалдасан Госдумаялде бачIана школазда гIисинал цIалдохъабазе чIобого хинаб квен кьеялда хурхун бихьизаби. Гьенир хиса-басиял гьаризе рихьизарун руго Федералияб Собраниялъул балагьиялдеги босун.



Гьеб законалъул проекталда кIиабилеб цIалиялдалъун тIадежураял гьарулел руго цIалдохъабазе сахаб квен чIезабиялда хурхун. Араб соналъул октябралда кIиябго палатаялъул спикеразул бетIерлъиялда букIараб данделъиялда букIана гьелъул тIоцебесеб цIали. Гьениб лъун буго гIисинаб гIелалъул лъималазе сахаб, пайдаяб, хIинкъи гьечIеб квен букIинабиялъул аслиял рахъал.

I5 январалда Федералияб Собраниялда ХитIабгун кIалъалаго В. В. Путиница тIадчIей гьабуна гьеб рахъалъ ругел нюансазда. Президентас бихьизабураб цо рахъ ккола гIисинал классазул лъималазе къойида жаниб цо нухалъ бухIараб ва пайдаяб квен, тIаде гьекъезе хинаб гьекъолеб жо чIезабиялъул.

КIиабилеб нухалда тIадчIей гьабуна гьелъие финансированиялда. Гьелъие гIарац бачIине буго федералиябгун регионалияб, цогидалги бакIалъулал бюджеталдасан. Квен чIезабиялъе жавабиял рукIина школа. Регионазе щвезе бегьула гьеб ишалъе федералияб бюджеталдасан субсидияги.

Лъабабилеб поправка хъатIула цIияб система бачиналъе бугеб заманалда. Гьеб этапалъулаб къагIидаялъ гIумроялде бахъинабизе бихьизабун буго улкаялъул бетIерас. Регионазда гьелъие заман чIезабизе бегьула гьаб соналъул I сентябралдаса 2023 соналъул I сентябралде щвезегIан.

Законалда рекъон тIоцебе щула гьабулеб буго хинаб, гьебго заманалда хIинкъи гьечIеб, качественнияб ва пайдаяб квен школалда гIисинал лъималазе букIинаби. Гьеб ккола социалияб сфера цебетIеялъул бицунеб хIужа. Гьедин пачалихъалъ жиндего босулеб буго хъизаналъулаб бюджеталъул харжазул цо бутIа.

## Эркенго хьвади гIуцIиялъе



РДялъул лъай кьеялъул министерствалъ хIукмо гьабуна школаздегун ясли-ахазде эркенго рачIин букIинабиялъе.

Школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазе эркенаб рачIин гьабулеб буго I8 марталдаса I маялде щвезегIан. Республикаялъул профессионалиял лъай кьеялъул организациязда ва тIадегIанал цIалул заведениязда лъикIаблъун бихьизабулеб буго индивидуалияб дистанционнияб къагIидаялъ теоретическияб программаялъул бутIа лъазабизе ва практикиял занятиял нахъ рахъизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 12 (7413)
Хамиз
19 Март 2020 сон



Нухлул ахиралъул хиял гъечIеца
ГьетIухълъиги беццун бачунеб гама,
Буран багъарани, ургъел гъечIеца
Ралъдалъе чIехьола халкъалъул гама.
**ГI. Малачиева.**



# ГIолохъанлъи

## Наркотикал: **Доб дунялалде ритIулеб «конфета»**

Снюсалъ Петербургалда хвана студент. Минздравалъул бетIерав нарколог Евгения Брюнал баянazда рекъон гьеб ккола «конфетаялъул» гIайибалдалъун чи хвараб тIоцебесеб хIужа. Гьединаб конфета, мармелад ва цогидабги абуни бигьаго босизе щола.



шагьаразда «конфета» ва энергетикиялъулаб жвачка чIамун, лъималазул кольяналда хIухь бахъун хадубги

ГIемерисел шагьаразда ахIвал-хIал цIакъго хIалуцараб буго. Краснодаралда больницаялде ккана 17 ва 28 сон барал спортсменал. «Конфетаздаса» хадуб ракI чIун лъугьарал гьел хIалалъ хвасар гьаруна. Васаз бащдаб лъагIалица чIамун буго снюс «иммунитеталъе» абун, ункъго нухалъ къойида жаниб. Оренбургалда «конфетаялъ» отравить гьавуна 14 сон барав гIолилав, Владивостокалда гьелъ хвана 15 сон барав цIалдохъан. Гьес снюс энергетикияб гьекъолеб жоялда цадахъ къулчIун буго. ГIемерал психозалъ больницаялде ккун руго чанго цIалдохъан.

Лъимал отравить гьариялъул цIияб карачел цIикIкIана 50 ва цIикIкIун мг. бугел цIалел жал раккун хадуб. Гьел наркотиказда гьоркьореги рачIунаро.

ЧIванкьотIун абуни законалъ гьукъун буго снюс бичизе. Амма гьалда хадуб лъицаго хал кколеб гьечIо. Ричулел руго цIорол цIункIулел жал, конфетал гIадал чIамулел резинкаби ва цогидалги фирмабазда, сихIираб къагIидаялъ рухIулел жалги гьоркьоре гьарун хIадурарал жал. Гьезулъ букIине рес буго чи чIвалеб къадар наркотиказул. 240 мг. бахине рес буго «конфеталъ» бугеб никотин. Гьеб абуни гIолеб лъимералъе хвалилаб доза ккола.

Гьединал никотинаялъулал смесазул гьабураб продукция тIубанго къотIизабиялде буссараб закон бахъизе буго нилъер улкаялда гIемер кватIичIого.

Шахматал

## Щуго лъикIаздаса лъикIазда гьоркьор



СКФОялъул бихьиназда гьоркьоб шахматал хIаялъул турнир тIобитIана 7-10 марталда МахIачхъалаялда. 100 ялдаса цIикIкIун шахматист гьоркьоре рачараб 16 команда гIахьаллъана гьенир; Дагъистаналдаса, Чачаналдаса, Ставрополалдаса.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Унсоколо районалъул тIаса бищараб командаялъ ва ккуна щуго хIурматияб бакIал. Гьел тIадегIанал хIасилал кквей баянлъана турниралъул хIасилал гьарулаго. ТIобитIана хIаязул анкьго тур, бергьараллъун рикIкIунел рукIана щуго доскаялда хIалел.

Бихьизабизин, къецал рукIана Россиялда бергьаразда гьоркьоре шахматистал рищиялъе тIобитIулеб, гьел цере рахъине руго гьаб соналъул маялда Сочиялда.

РакI-ракIалъ баркула гьеб кIудияб кIваралъул бажари бихьизабурал бергьенлъаби гIолилазда. Жеги тIадегIанал хIасилал, нужее!

## ДПСалъул хIалтIухъанасе - Баркала

Дагьал церегIан къоязда райадминистрациялда дандчIвай букIана Россиялъул ОМВДялъул ОГИБДДялъул ДПСалъул хIалтIухъан ЗайнулгIабид Макъсудовасулгун. Гьениб ЗайнулгIабид ГIалиевичасе къуна районалъул администрациялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагъат. Шапакъаталъе Макъсудов мустахIикълъана хIалтIулаб ишалъулъ бихьизабураб махщелалъ ва бажари букIиналъ.



Иш букIана гьадин. Шамильхъалаялдаса бахIарай ячине бачIунеб бертадул картеж чIезабуна гьес, гьел автомашинабазул ратуларо госномерал, гордал рукIуна бецI гьарурал, хвезабулеб букIуна нухлул хьвадул низам. Гьединго иргаялда ратарал ДПСазда чIезаричIого арал гьелгун «дандчIвай»,-ян ахIула нилъер районалде. Гьедин киналго низамал хвезабуразда тIад гьабуна 25 протокол, бачунел тIамуна номерал лъезе.

## Цойги нухалъ мобильниязул хIакъалъулъ

Ракалда данде къеркьей гьабулев Австралиялъул нейрохирург, тохтур Вини Куранаца лъазаруна гIадамазул нахулъ мобильникал хIалтIизариялъ опухоляль лъугьиналъе битIухъегояб бухьен букIиналъул.

Опухолаз бачIинахъего хвезаруларо, гьединаб къо букIине рес буго анцIго сонидасан. КигIан заманха хIажалъулеб гьеб тIибитIиялъе. ГIизраилалъул профессор, рак унтиялъул цIех-рех гьабулев Рони Сечерица чIезабуна жибго мобильнияб телефоналъул излучениялго заралияб букIин, кигIанго гьитIинаб гьеб бугониги. Гьес хал гьабуна крысабазда тIад. КIалъалев вугев чиясдаса 10 нухалъ дагьаб щвана гьезие излучениялъул доза аскIоб бугеб телефоналдасан. Гьелъул хIасилалда крысабазул гIадалзул нахулъ 5 минуталъул «кIалъаялдаса» хадуб байбихьана клеткаби рикь-рикьизе, гьелъ рачана опухолал рижун рачIиналде.

Гьединабго жо лъугьунеб буго ракалъ унтарал гIадамазул ботIролъги. Шведал рачIана 10 соналъ мобильнияб телефон хIалтIизабурал гIадамазул кIиго нухалъ цIикIкIун ккезе рес бугин рагIи рагIулеб нервалъул опухолал лъугьин,-абураб пикруялде. ГIемерисеб мехалъ опухоль лъугьунебги буго гIемер трубка гIинда чIвараб рахъалда.

## Спорт: **Баркула чемпионасда!**




Гьал къоязда Санкт-Петербург шагьаралда букIараб дживу-джисуялъул спорталъул тайпаялъул Европаялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккуна ва меседил медальгун тIад вуссана нилъер ракьцояв, Генуб росулъа спортсмен МухIамадов ГIумарасхIаб.

Гьесулгун букIараб гара-чIвариялдасан бихьулеб букIана ГIумарасхIаб цIакъ тIадчIун хIадурун вукIаралъи. Гьадин бицана гьес:

- 2010 соналдаса нахъе ругьун гьавуна кик-боксалъе, гьеб букIана Генуб росулъ школалда цIалулеб мех. Тренер вукIана МухIамадзагьидов Шамиль. Генуб росулъ 7 класс лъугIун хадуб дун цIализе лъугьана МахIачхъала шагьаралъул № 7 школалъул гимназиялде. Гьениб 9 классги лъугIизабун цIализе лъугьана правовияб академиялде юридическияб отделениялде. Гьеб заманалда дие рес щвана ММА (смешанное единоборство) рагъ гьабиялъе ругьун гьавизе. Тренерлъун вукIана ХIамзатханов ИмангIали. Гьениб цо турниралда бергьана. Хадуб кIиго соналъ цебе байбихьана дживу-джитсу абулеб Бразилиялъул тайпаялъул къецазде ругьунлъизе. Тренерги вуго Бразилиялдаса Марко Рошадо. Гьеб тайпаялъул къецазда гIемер цеве вахъана. Россиялъул чемпионаталда щвана 2 бакI. Европаялъул къецазда Петербург шагьаралда щвана тIоцебесеб бакI ва мустахIикълъана меседил медалалъе. Гьанже 10 апрелалда цеве вахъине вуго Абу-Даби шагьаралда.

ГьабсагIаталда дун гьеб цевевахъиналъе хIадурлъулевги вуго. Исана цIализе лъугьана ДГУялъул пачалихъиябгун муниципалияб управлениялъул факультеталде. Дида цадахъ вуго Генуб росулъа спортсмен Батир Батировги. Гьев ккола Россиялъул чемпион, дуньялалъулго чемпионги. Гьанже ниж хIадурлъулел руго Абу-Даби шагьаралда рукIине ругел къецазда цере рахъине.

Дир анищ буго лъикIал къиматазда университет лъугIизабизе. Нилъерго районги Дагъистанги цебетIеялъе гIоло кIвараб хIалтIи гьабизе.

**Гара-чIвари гьабуна Х. ХIАСАНОВАЛЪ.**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 12 (7413)
Хамиз
19 Март 2020 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



# Отчет главы МО «Унцукульский район» об итогах социально-экономического развития Унцукульского района за 2019 год и задачах на 2020 год



Уважаемые жители района!

Завершен еще один год нашей совместной работы. Подводя итоги за 2019 год, свой доклад хочу начать со слов благодарности в адрес всех тех, кто честно трудится, кто занимается развитием отраслей экономики и сфер производства, создает новые рабочие места, учит детей, лечит людей, обеспечивает правопорядок, занимает

активную жизненную позицию и действует на благо нашего района. Приоритетом муниципальной политики считаю: повышение уровня и качества жизни жителей нашего района, поддержка социальной сферы, создание благоприятных условий для развития предпринимательства, привлечение инвестиций и создание новых рабочих мест. Необходимо отметить, что рост инвестиций напрямую влияет не только

на увеличение налоговых поступлений в бюджет района, но и на уровень и качество жизни жителей нашего района. Далее хотел бы обратить Ваше внимание на основные показатели социально – экономического развития района: Население: Численность населения на 1 января 2020 года составляет 31343 чел. Родилось за 2019 год 460 детей, в 208 году 459 детей; умерло за 2019 год 137 человек, в 2018 году 135 человек. Естественный прирост населения 323 человек, против 324 чел. в 20187 году. Зарегистрировано: браков 109 ед. и разводов 11 ед. Численность трудоспособного населения в районе составляет 17985 человек, из них официально работающих 3205 чел., неработающее население – 14780 чел.

Миграция населения: прибыло 131 чел., убыло 192 чел., отток – 61 чел. Налоги и Финансы: Исполнение консолидированного бюджета района год. План – 837 млн. 609,7 тыс. руб., против 2018 года 724 млн. 609,6 тыс. руб., 115,6% к предыдущему году.

Поступление – 840 млн. 682,7 тыс. руб. против 2018 года 733 млн. 121,4 тыс. руб., или 114,6% к предыдущему году.

Исполнение – 100,4%, против 2018 года –101 % Собственные доходы района: план – 96 млн. 424,6 тыс. руб., поступление – 100 млн. 120,3 тыс. руб.

Исполнение – 103,8%., (перевыполнение плана 3 млн. 695,7 тыс. руб.).

План на 2020 год по собственным доходам составляет – 102 млн. 463,0 тыс. руб., или 106,2 % к плану прошлого года. Промышленность : Объем отгруженных товаров собственного производства промышленными предприятиями и ЛПХ составила 3 млрд. 207 млн. 824,3 тыс. руб., исполнение 96,4 %, против 2018 года 3 млрд. 677 млн. 843,5 тыс. руб., 87,2 к предыдущему году. В основном за счет выработки электроэнергии Ирганайской ГЭС.

Инвестиции: Всего инвестировано в экономику района за 2019 год 329 млн. 200,7 тыс. руб., против 2018 года 464 млн. 42,1 тыс. руб. – 70,9 % к предыдущему году.

Ввод в действие жилых домов за 2019 год – 2903 кв.м. Инвестиционные проекты, реализованные в 2019 году:

- Строительство школы в сел. Балахани.
- Строительство водопроводной сети в сел. Унцукуль.
- Капремонт автодороги в пос. Шамилькала.
- Завершение строительства футбольного поля в сел. Унцукуль.
- Капремонт резервуара на 1000 куб.м. в с. Ирганай.
- Ремонт водопровода в с. Гимры.
- Капремонт водоема-резервуара для воды в с. Ашильта.
- Капремонт автодороги местности Инти в с. Унцукуль.
- Выполнение строительных работ по газификации с. Майданское
- Капремонт здания спортивного зала МКОУ «Унцукульская СОШ №1»
- Устройство грунтовых дорог от с. Кахабросо до развилки с. Цатаних.
- Восстановление внутрихозяйственных дорог в с. Гимры.
- Строительство плоскостного спортивного сооружения в с. Майданское.
- Ремонт водопровода в с. Гимры.
- Ремонт дорог в пределах села Ашильта.
- Ремонт автомобильных дорог в пределах с. Майданское.
- По проекту 150 школ: в с. Майданское, Цатаних, Ашильта, Гимры.
- Разработка генпланов с. Гимры, Ашильта, Ирганай, Балахани, Майданское.

В 2020 году запланированы следующие инвестпроекты:

- Завершение строительства школы в сел. Балахани;
- Завершение строительства школы в сел. Кахабросо;
- Строительство школы в пос. Шамилькала;
- Строительство детсада в пос. Шамилькала;
- Строительство детсада в сел. Унцукуль;
- Строительство школы в сел. Аракани;
- Строительство водопровода в сел. Гимры;
- Строительство водопровода в сел. Унцукуль;
- Строительство водопровода в сел. Ашильта;
- Строительство водопровода в сел. Майданское;
- Строительство водопровода в сел. Ирганай;
- Реконструкция водопроводных сетей в пос. Шамилькала;
- Строительство ФАП в сел. Моксох;
- Строительство школы-детсада в сел. Моксох;
- Установка модульной конструкции ФАП в сел. Кахабросо и Колоб;
- Капремонт МКОУ «Унцукульская СОШ №1»;
- Капремонт клуба в сел. Унцукуль;
- Строительство парковых зон в сел. Майданское, Ирганай и Аракани;
- Капремонт автодороги в с. Гимры по проекту «Мой Дагестан – Мои дороги»;
- ПСД газопровода к с. Ирганай и пос. Шамилькала.
- ПСД внутренняя разводка газопровода в с. Аракани и Балахани.

Сельское хозяйство: В Унцукульском районе имеется 75-сельхозпредприятий; ИП КФХ (6) / СПК (34), СППК (1), СПОЖК (1), МУП (7), ГУП (1), ООО (21) ед., (ЛПХ) 5986

По земельному балансу в районе имеется всего сельхозугодий - 34685 га, в том числе: пашня 2246 га, многолетние насаждения 896,5 га, сенокосы 4934 га, пастбища 26160 га., неиспользуемые сельхозугодия 448,5 га. Структура сельхозугодий складывается следующим образом: пашня 6,4%, многолетние насаждения 0,2%, сенокосы 14,2%, пастбища 74,4%., неиспользуемые сельхозугодия 1,3%. Объем произведенной валовой продукции сельского хозяйства за 2019 год составляет - 1 млрд. 483 млн. 199,0 тыс. руб., против 1 млрд. 361 млн. 719,5 тыс. руб. прошлого года, что составляет 109,1 %. в том числе:

- растениеводство – 675 млн. 417,0 тыс. руб.
- животноводство – 807 млн. 782,0 тыс. руб.

В 2019 году посеяно всего яровых культур на площади 1440 га. Заготовлено грубых кормов всего 16100 тн.

В 2019 году 8 тепличных хозяйств Унцукульского района вырастили продукцию (томаты и огурцы) - 157 тн.

На 01.01.2020 года в Унцукульском районе, во всех категориях хозяйств насчитывается всего КРС 16626 гол, в том числе коров 7932 гол, МРС всего 87228 гол, в том числе овцекозоматок 54470 гол, птица всех возрастов 12287 гол, в том числе несушки 8905 гол, лошади 702 гол. и пчелосемьи 2339 улей.

Малое предпринимательство: В районе зарегистрировано субъектов малого и среднего предпринимательства 451 ед., - из которых 191 малых и средних предприятий и индивидуальных предпринимателей 260 чел. Закрыли свою деятельность за 2019 год 5 малых предприятия и 89 ИП. Уплачено налогов в бюджеты всех уровней субъектами малого бизнеса – 9 млн. 63,0 тыс. руб.

ЖКХ и строительство: В 2019 году МКУ «Служба ЖКХ» собрано, вывезено и утилизировано 467 куб.м ТБО. Отремонтировано 46,3 км автодороги местного значения. Постоянно проводится контроль за обеспечением устойчивой работы систем жизнеобеспечения населения, в том числе водоснабжения, водоотведения и уборка мусора, а в случае возникновения нарушений в работе вышеуказанных систем принимаются оперативные меры по их устранению.

Осуществляется постоянный контроль, за ходом реализации республиканских инвестиционных проектов «Мой Дагестан - Моя вода» и «Мой Дагестан – Мои дороги», в рамках которых на территории Унцукульского района идут работы по объектам. В рамках реализации программы «Повышение безопасности дорожного движения на период до 2020 года» ежемесячно проводили заседания комиссии по обеспечению безопасности дорожного движения с участием глав поселений, руководителей образовательных учреждений и инспектора Дорожного надзора Мухтарова Р.М. Ежедневно проводим работу со всеми дорожными службами района по подготовке дорог на зимний период

(заготовка песка, соли, хлоридов) и с главами поселений по подготовке к зимнему содержанию улично-дорожной сети населенных пунктов и дорог местного значения.

Занятость населения:

Уровень официально зарегистрированной безработицы на 31.12.2019 года составляет 682 чел., а на 1.01.2019 г. 663 чел.

Количество обратившихся в поисках работы в службу занятости района составляет за 2019 год 2275 чел. против 2018 года – 2089 чел. Увеличение обращений на 186 чел.

Выплачено пособий по безработице в 2019 году на сумму 16 млн. 883,7 тыс. руб., получили пособие 1764 безработных граждан, в 2018 году выплачено пособий на сумму 10 млн. 885,9 тыс. руб., 1443 безработным гражданам.

Трудоустроено безработных граждан в 2019 году на сезонные и временные работы 2132 чел., из них 219 школьники, против 2018 года трудоустроено 1747 чел., из них 312 школьники.

Молодежная политика: Отделом по делам молодежи проведено 18 мероприятий среди молодежи Унцукульского района, а также приняли участие в 19 республиканских мероприятиях. Совместно с духовенством района в каждом поселении проводятся лекции по теме нравственно-патриотического воспитания молодежи и подростков.

**(Продолжение на 4 странице)**

# Отчет главы МО «Унцукульский район» об итогах социально-экономического развития Унцукульского района за 2019 год и задачах на 2020 год

Спорт: Численность систематически занимающихся физкультурой и спортом в районе составляет 8925 чел., 27% от общего количества населения.

В районе на конец 2019 года культивирует 17 видов спорта. Для организации занятий физической культурой и спортом с населением в районе имеется 23 муниципальных спортивных сооружения.

В районе ежегодно проводятся намеченные календарным планом Минспорта РД спортивные мероприятия, а также спортивные соревнования на районном уровне. Опека и попечительство: Численность детей состоящих на учете оставшихся без попечения родителей и находящихся на воспитании в семьях – 100 чел. Снято с учета детей за 2019 год – 26 чел., по достижениисовершеннолетия (18 лет) – 4 чел., выбыли к родителям – 2 чел.

Численность детей обеспеченных жильем за отчетный год – 10 чел.

Здравоохранение:

В районе функционируют 9 больничных учреждений ГБУ РД «Унцукульская ЦРБ» (далее ЦРБ), 6 участковых больниц, 12 фельдшерских пунктов, 1 фельдшерско-акушерский пункт, 1 скорая помощь. В аварийном состоянии 3 участковые больницы.

Унцукульская ЦРБ располагает 179 койками круглосуточного пребывания и 36 койками дневного стационара.

Всего работающих – 468 чел., из них:

Врачи – 64 чел.

Средний медперсонал – 237 чел.

В 2019 году в районе проводилась диспансеризация отдельных групп взрослого населения, годовой план выполнен на 98,8 %. По-прежнему первое место занимает смертность от сердечно сосудистой патологии. В последние 5 лет показатель смертности от сердечно-сосудистой патологии занимает – 36% от всей структуры смертности.

Стабильно ежегодно идет рост смертности от онкологических заболеваний, особенно в трудоспособном возрасте. За 2019 г. рост показателя на - 4,7.

Так же в 2019 г. вырос показатель смертности от болезней органов дыхания. В 2019 году в учреждении проводилась диспансеризация отдельных групп взрослого населения, годовой план выполнен на 98,8 %.

Образование:

На 1 января 2020 г. в районе функционирует сеть образовательных учреждений, состоящая из 15 общеобразовательных учреждений с 4374 обучающимися;

13 дошкольных образовательных учреждений с 1570 воспитанниками и 8 учреждений дополнительного образования с 2243 обучающимися. Все 36 образовательных учреждений имеют лицензии, прошли государственную аттестацию и имеют свидетельства об аккредитации. В системе образования трудится 815 работников.

Средняя наполняемость классов составляет 14 человек. В 2019 году ЕГЭ сдавали 133 выпускника. По результатам ЕГЭ средний бал - по русскому языку – 53,98 - по математике профильного уровня – 46,45.

Получили аттестат с отличием 9 выпускника. По итогам ЕГЭ остались без аттестата 3 выпускников. Средняя нагрузка на одного учителя составляет 1,3 ставки. На 01.01.2019 г. родительская плата за содержание детей в детском саду составляет 5 рублей в день селениях и 8 рублей в день в пос. Шамилькала.

За период 2019 года в общеобразовательные учреждения было поставлено более 3753 учебника.

Культура: В районе функционируют: 17 клубных учреждений, из них 9 присвоен статус Центров традиционной культуры народов России, где работают 70 человек.

Также функционируют:

Библиотеки – 20

Школа искусств – 3

Музеи – 3

В 2019 году отделом культуры проведено более 100 культурных мероприятий разного уровня.

АТК: Деятельность АТК в районе осуществлялась в соответствии со складывающейся обстановкой с учетом Плана работы АТК в МО, решений и рекомендаций АТК в РД, руководства аппарата АТК в РД, а также с учетом решений АТК в МО «Унцукульский район».

В соответствии с планами работы подготовлено и проведено 5 заседаний Антитеррористической комиссии Унцукульского района, на которых рассмотрено 27 вопросов.

Во всех сельских поселениях района созданы рабочие группы по противодействию идеологии терроризма и экстремизма. Проводятся выездные встречи, что позволяют дать объективную оценку тому или иному лицу входящего в выделенную категорию граждан.

За 2019 год проведено 192 адресно профилактических бесед с выделенной категорией лиц.

Оперативная обстановка в районе:

За 2019 год наблюдается значительное снижение зарегистрированных преступлений. За 2019 год зарегистрировано — 140 преступлений, из них, тяжких и особо тяжких 26, раскрыто 141 преступлений, процент раскрываемости по району составил 95,9% по Республике 85.6%. Приостановлено 6 преступлений, из них 1 тяжкое.

За 2019 год на территории района произошло 11 ДТП, в котором погибло 2 чел. и ранены 18 чел.

Инсаният хадуб гIунтIуларел балъголъаби

# XIикмалъаби тIатунел руго

20I2 соналъул 9 январалда роцIараб къоялъ Коста-Рикаялда тIад зодисан бахъана фильмазда рукIунел гIадал «жужахIалъулал гIадал гьаркьал». Гьеб лъезе цIар лъалареб хIакъикъат ккана киназдаго рагIун, хвасар гьариялъул хъулухъалде рачIана аза-азар звонокал, гьезул гIемерлъиялъ линиялъ баччичIо…

Гьеб гьаракь рагIана щивав гIумро гьабун вугев чиясда, гьелъие къимат кьезе бажаричIо гIалимзабаздаги. ЦIакъго кIудияб динамикияб багъа-бачари букIине ккола гьединаб территориялда гьаракь рагIизе ккани. Гьединаб кIудияб гьаракь бугеб техника ракьалда гьечIо.

**Хадур гъолареб хIужа**

Джонс абулев чиясул I2 сон барав васасда я ракъи яги къеч лъаларо, гьесул киналго физическиял хIасилалги нормаялда руго. Организмалъ гьесухъе ритIуларо ракъиялъулги къечалъулги сигналал, васасда кIола цIикIкIараб заманаялъ квана-гьекъечIого чIезе. Гьеб ургьисаго букIарабги гуро: аппетит тIагIине лъугьана захIматаб операция гьабун хадуб. Гьелъ абуниги кинаб букIаниги асар гьабизе кколароан лъимералъе.

Кинго гьесие лъугьараб жо бичIчIуларин абулеб буго врачаз, гьез хадубккунги хадуб хал ккун буго васасда.

**ГIажаибаб къоно**

Россиялда батун буго гIажаибаб къоно, гьеб гIуцIун буго 30000 ялде гIагарун алмазалдасан. Гьеб



буго минералияб тайпаялъул.

ГIалимзабаз лъазабулеб буго къоноялъул хIикматаб гIуцIи. Гьединаб жеги киданиги батун букIинчIо. ТIолабго дунял хIайранлъулеб гIадаб хадур гъолареб буго гьелъул гIуцIи.

**Хвараб ччугIа**

20I2 сон тIаде щвелалде цебе Северияб ралъдал (Норвегия) рагIаллъиялда тIолабго сверухълъи цIуна хвараб ччугIаялъ. Сельд накалде бахун букIана хIатIикь, икра къватIибе кьолеб гIужалъ хун букIана лосось. ЦIияб сон ун хадуб гьелда хадур рахъарал гIадамазда ралъдал рагIалда цо ччугIацин батичIо, бахъараб сураталда абуни гьеб рикIкIине бажарулареб хIалалъ букIана. Кибе тIагIараб рагIаллъабазда тIибитIун букIараб ччугIа, карачелабаз гьеб босун инеги рес букIинчIо, гьенибе транспортги бачIунароан.

**Шарикал гIадаб «цIад»**

Англиялда къуватаб гьури бахъун хадуб ракьалде рортана шариказул куцалъул цIадал т1ираби. Гьеб балеб гIужалда зоб тIогьиллъана, лъабго сантиметралъул диаметр букIана гьелъул. Тамахал, махI ва кьер гьечIел гьел хехго риунги ана, хутIичIо цIех-рех гьабизе гьелъул нахъе щибго жо, гьединаб минерал абуни ракьалда тIад гьезего гьечIо.

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ:**<br>**Администрация Унцукульского района**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район**<br>**п. Шамилькала**<br>**ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора**<br>**89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 18.03. 20 г. 16.15<br>фактически -18.20 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |